

IN THE COURT OF COMMON PLEAS OF \_\_\_\_\_ COUNTY  
*DEVAN TRIBINAL PREMYE ENSTANS NAN KONTE* \_\_\_\_\_

PLAINTIFF / PLENYAN

DATE / DAT: \_\_\_\_\_

V. / Kont

CASE NO. / NO. DOSYE \_\_\_\_\_

DEFENDANT / AKIZE

PROTECTION FROM ABUSE  
*PWOTEKSYON KONT MOVE TRETMAN*

**NOTICE OF HEARING AND ORDER**  
***AVI POU ODYANS AK LÒD TRIBINAL***

**YOU HAVE BEEN SUED IN COURT.**

If you wish to defend against the claims set forth in the following papers, you must appear at the hearing scheduled herein. If you fail to do so, the case may proceed against you and a FINAL order may be entered against you granting the relief requested in the Petition. In particular, you may be evicted from your residence, prohibited from possessing any firearm, other weapon, ammunition, or any firearm license, and lose other important rights, including custody of your children. A protection order granted by a court may be considered in subsequent proceedings under Title 23 (Domestic Relations) of the Pennsylvania Consolidated Statutes, including child custody proceedings under Chapter 53 (relating to custody) and Child Protective Services Law proceedings under Chapter 63 (related to juvenile matters).

A hearing on the matter is scheduled for the \_\_\_\_ day of \_\_\_,  
20\_\_\_\_, at \_\_\_ .m. in Courtroom \_\_\_ at \_\_\_ Courthouse,  
Pennsylvania.

If an order of protection has been entered, you MUST obey the order until it is modified or terminated by the court after notice and hearing. If you disobey this order, the police or sheriff may arrest you. Violation of this order may subject you to a charge of indirect criminal contempt under 23 Pa.C.S. §6114. Violation may also subject you to prosecution and criminal penalties under the Pennsylvania Crimes Code. Under federal law, 18 U.S.C. §2265, this order is enforceable anywhere in the United States, tribal lands, U.S. Territories, and the Commonwealth of Puerto Rico. If you travel outside of the state and intentionally violate this order, you may be subject to federal criminal proceedings under the Violence Against Women Act, 18 U.S.C. §§2261-2262.

**YO RELE OU NAN TRIBINAL.**

Si ou ta vle defann ou kont akizasyon ki site nan dokiman sa, ou dwe prezante nan odyans k ap fèt nan dat yo bay nan dokiman sa a. Si ou pa fè sa, yo ka fè odyans lan san ou pa la epi yo ka pran yon desizyon FINAL kont ou pou akòde demann ki fèt nan petisyon an. Sitou, yo ka fè ou kite kay ou, entèdi w posede kèlkanswa zam pou tire, lòt zam, minisyon, oswa nenpòt lisans pou zam pou tire, epi pèdi lòt dwa enpòtan, ki gen ladan tou sipèvizon pitit ou yo. Yo gendwa konsidere nan pwosedi pi devan yon lòd pwoteksyon yon tribinal akòde dapre Tit 23 (Relasyon familyal) nan Kodifikasyon Lwa Pennsilvani, ki gen ladan tou pwosedi pou sipèvizon timoun dapre Chapit 53 (anrapò ak sipèvizon timoun) ak pwosedi ki anrapò ak Lwa sou Sèvis Pwoteksyon Timoun dapre Chapit 63 (anrapò ak zafè minè).

Yo prevwa yon odyans sou sijè a nan jou \_\_\_ mwa \_\_\_, 20\_\_\_, a \_\_\_ .m. nan Sal Odyans \_\_\_ ki nan \_\_\_ Tribinal, Pennsilvani.

Si yo te bay yon lòd pwoteksyon, ou DWE obeyi Lòd la jiskaske Tribinal la chanje oswa sispann li apre avi ak odyans. Si ou dezobeyi Lòd sa a, lapolis oswa cherif la kapab arete w. Vyolasyon Lòd sa a gendwa lakòz yon akizasyon zak kriminèl endirèk dapre 23 Pa.C.S. §6114. Si w vyole lòd la, yo ka poussuiv ou lajistik tou epi yo ka pran sanksyon kriminèl kont ou dapre Kòd Kriminèl Pennsilvani. Dapre Iwa federal, 18 U.S.C. §2265, yo ka egzekite Lòd sa a nenpòt kote Ozetazini, nan nasyon tribi yo, nan Teritwa Etazini yo, ak Commonwealth Pòtoriko. Si w vwayaje deyò eta a epi ou fè espri vyole Lòd sa a, ou gendwa sibi poussuit kriminèl federal dapre Lwa sou Vyolans Kont Fanm (Violence Against Women Act, 18 U.S.C. §§2261-2262).

If this order directs you to relinquish any firearm, other weapon, ammunition, or any firearm license to the sheriff or the appropriate law enforcement agency, you may do so upon service of this order. As an alternative, you may relinquish any firearm, other weapon, or ammunition listed herein to a third party provided you and the third party first comply with all requirements to obtain a safekeeping permit. 23 Pa.C.S. §6108.3. You must relinquish any firearm, other weapon, ammunition, or any firearm license listed in the order no later than 24 hours after service of the order. If, due to their current location, firearms, other weapons, or ammunition cannot reasonably be retrieved within the time for relinquishment, you must provide an affidavit to the sheriff or the appropriate law enforcement agency, listing the firearms, other weapons, or ammunition and their current location no later than 24 hours after service of the order. Failure to timely relinquish any firearm, other weapon, ammunition, or any firearm license shall result in a violation of this order and may result in criminal conviction under the Uniform Firearms Act, 18 Pa.C.S. §6105.

**NOTICE:** Even if this order does not direct you to relinquish firearms, you may be subject to federal firearms prohibitions and federal criminal penalties under 18 U.S.C. §922(g)(8) or state firearms prohibitions and state criminal penalties under 18 Pa.C.S. § 6105.

YOU HAVE THE RIGHT TO HAVE A LAWYER REPRESENT YOU AT THE HEARING, HOWEVER, THE COURT WILL NOT APPOINT A LAWYER FOR YOU. YOU HAVE THE RIGHT TO PRESENT EVIDENCE AT THE HEARING, INCLUDING SUBPOENAING WITNESSES TO TESTIFY ON YOUR BEHALF.

YOU SHOULD TAKE THIS PAPER TO YOUR LAWYER AT ONCE. IF YOU DO NOT HAVE A LAWYER, GO TO OR TELEPHONE THE OFFICE SET FORTH BELOW. THIS OFFICE CAN PROVIDE YOU WITH INFORMATION ABOUT HIRING A LAWYER. IF YOU CANNOT AFFORD TO HIRE A LAWYER, THIS OFFICE MAY BE ABLE TO PROVIDE YOU WITH INFORMATION ABOUT AGENCIES THAT MAY OFFER LEGAL SERVICES TO ELIGIBLE PERSONS AT A REDUCED FEE OR NO FEE. IF YOU CANNOT FIND A LAWYER, YOU MAY HAVE TO PROCEED WITHOUT ONE.

Si Lòd sa a egzije w remèt cherif la oswa ajans legal apwopriye a nenpòt zam pou tire, lòt zam, minisyon oswa nenpòt lisans pou zam pou tire, ou ka fè sa site w resevwa Lòd sa a. Oubyen, ou kapab remèt nenpòt zam pou tire, lòt zam oswa minisyon ki site nan dokiman sa a ba yon lòt moun akondisyon oumenm ak lòt moun lan te respekte toudabò tout kondisyon pou jwenn yon pèmi pou kenbe li. 23 Pa.C.S. §6108.3. Ou dwe remèt kèlkanswa zam pou tire, lòt zam, minisyon oswa nenpòt lisans pou zam pou tire ki site nan lòd sa a pa pita pase 24 èdtan apre w te resevwa Lòd la. Si gen rezon valab pou w pa ka jwenn zam pou tire yo, lòt zam yo oswa, minisyon yo nan delè ki bay pou remèt yo a akòz kote yo ye nan moman an, ou dwe bay cherif la oswa ajans legal apwopriye a yon deklarasyon ki site zam pou tire yo, lòt zam oswa minisyon yo, ansanm ak kote yo ye nan moman an pa pita pase 24 èdtan apre w te resevwa lòd sa a. Si w pa remèt alè kèlkanswa zam pou tire, lòt zam, minisyon, oswa nenpòt lisans pou zam pou tire, sa ap yon vyolasyon Lòd sa a epi li kapab lakòz yon kondanasyon kriminèl dapre Lwa sou Zam pou tire (Uniform Firearms Act, 18 Pa.C.S. §6105).

**AVI:** Menmsi Lòd sa a pa egzije pou w remèt zam pou tire yo, ou kapab sibi entèdiksyon federal sou zam pou tire e sanksyon federal kriminèl dapre 18 U.S.C. §922(g)(8) oswa entèdiksyon eta a pou zam ak sanksyon kriminèl eta a dapre 18 Pa.C.S. § 6105 .

OU GEN DWA POU GEN YON AVOKA KI REPREZANTE W NAN ODYANS SA A SEPANDAN , TRIBINAL LA P AP BA OU YON AVOKA. OU GEN DWA POU VIN AK PRÈV NAN ODYANS LAN, SA ENKLI TEMWEN KI KONVOKE POU TEMWAYE OU OU.

OU DWE POTE PAPYE SA A BAY AVOKA W TOUSUIT. SI OU PA GEN YON AVOKA, ALE NAN BIWO KI SITE ANBA A OSWA TELEFONE YO. BIWO SA A KAPAB BA W ENFÒMASYON SOU KIJAN POU W ANPLWAYE YON AVOKA. SI W PA GEN MWAYEN POU PEYE YON AVOKA, BIWO SA A KAPAB BA W ENFÒMASYON SOU AJANS KI GENDWA OFRI SÈVIS LEGAL BON MACHE OSWA GRATIS POU MOUN KI KALIFYE. SI OU PA KA JWENN YON AVOKA, OU KA OBLIJE KONTINYE SAN AVOKA.

COUNTY BAR ASSOCIATION  
LAWYER REFERRAL AND INFORMATION SERVICE  
[Insert Street Address]  
[Insert City, State, and ZIP]  
[Insert Phone Number]